



Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AVAN PWOJÈ PWOGRAM JESYON VAKSINASYON KONT COVID-19 ETA NEW YORK LA

Pwogram nan gen objektif pou asire ke yo bay yon vaksen kont COVID-19 ki efikas epi nan tout sekirite a tout rezidan New York ki vle youn

Pwogram nan devlope nan konsiltasyon ak Ekspè premye plan nan sante piblik ak klinik

Plan matris yo priorize vaksen pou popilasyon ki gen gwo risk yo ak travayè swen sante enpòtan yo pou resevwa vaksinasyon an, an premye

Avan pwojè pwogram jesyon vaksinasyon kont COVID-19 la disponib [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Depatman Sante Eta New York la (NYS Department of Health, DOH) te pibliye yon avan pwojè Pwogram Jesyon Vaksinasyon COVID-19 la ki sèvi kòm yon kad inisyal pou asire sekirite ak efikasite distribisyon yon vaksen COVID-19 nan New York.

Bouyon pwogram nan te devlope nan konsiltasyon ak ekspè premye plan sante piblik ak klinik, epi egzije kolaborasyon ak patenarya ak depatman sante lokal yo, patnè kominotè ak òganizasyon, ak gouvènman federal la.

Akoz tout ensètitud nan pwen sa nan pwosesis devlopman vaksen an, avan pwojè Pwogram Jesyon Vaksinasyon COVID-19 Eta New York la fèt pou l fleksib epi pran kont divès varyab ak senaryo konsènan disponiblite vaksen an, kalandriye pou apwobasyon vaksen an, delimitasyon responsablite federal ak eta a, finansman, bezwen chèn apwovizyonman, ak egzijans alokasyon yo.

"N'ap vini ak yon plan sou anpil ipotèz. Nou pa konnen konbyen dòz nou pral resevwa. Nou pa konnen ki vaksen nou pral resevwa. Nou pa konnen kilè nou pral jwenn li. Eta a ap genyen yon plan vaksinasyon nan tout eta a. N'ap fè li de konsè ak gouvènman federal la. Gouvènman federal la gen chaj pou pwodui vaksen reyèl la epi distribye vaksen yo," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Eta yo pa ka fè sa pou kont yo. Pwen final. Sa se yon angajman masif. Sa se yon angajman operasyonèl ki pi gwo ke tout sa nou te fè anvan COVID jiska jodi a. Sa se yon antrepris ak travay ki pi konplike. E nou

bezwen gouvènman federal la pou yon patnè ki konpetan ak eta sa ansanm ak chak eta."

Aprè detèminasyon ke vaksen an san danje epi efikas, avan pwojè Pwogram Vaksinasyon an priyore benefisyè vaksinasyon yo baze sou lasyans, ekspètiz klinik, ak sante piblik. Plan an mete devan matris priyore ki pwopoze sa yo pou asire ke sila yo ki gen pi gwo risk ak travayè esansyèl yo se benefisyè ki gen priyore, epi bay atansyon patikilye pou sila yo k'ap viv nan kominote ki gen pi gwo frekans COVID la.

	Frekans COVID-19 ki pi elve nan Zòn Jewografik	Frekans COVID-19 ki pi fèb nan Zòn Jewografik
Popilasyon ki gen gwo risk / Travayè swen sante esansyèl	Priyore 1	Priyore 2
Popilasyon ki gen risk ki pi fèb / Lòt travayè esansyèl	Priyore 3	Priyore 4
Popilasyon Jeneral	Priyore 5	Priyore 6

Nan chak faz, vèsyon plan an mete devan lòt faz priyore ki pwopoze sa yo pou itilize sou baz disponiblite vaksen an ak pousantaj vaksinasyon yo:

Faz 1	<ul style="list-style-type: none"> • Travayè swen sante (klinik ak non klinik yo) nan etablisman swen pasyan (ICU, ED, EMS se premye priyore) • Travayè etablisman swen alontèm ki gen entèraksyon regilye ak rezidan yo • Pasyan etablisman swen alontèm ki gen plis risk yo
Faz 2	<ul style="list-style-type: none"> • Sekouris yo (ponpe, polisye, gad nasyonal) • Pwofesè / anplwaye lekòl (enstriksyon sou plas), pwofesyonèl swen pou timoun • Travayè sante piblik • Lòt travayè ki devan ki entèraji nan fason regilye ak piblik la (famasyen, travayè nan magazen, anplwaye transpò piblik, elatriye.) oswa konsève enfrastrikti ki enpòtan • Lòt pasyan swen alontèm ak sa k'ap viv nan lòt etablisman reyini yo • Moun nan popilasyon jeneral yo jije patikilyèman ki gen risk akoz yo gende maladi an menm tan ak kondisyon sante yo
Faz 3	<ul style="list-style-type: none"> • Moun ki gen plis pase 65 an • Moun ki gen mwens pase 65 an ki gen gwo risk
Faz 4	<ul style="list-style-type: none"> • Tout lòt travayè esansyèl
Faz 5	<ul style="list-style-type: none"> • Granmoun ansante ak timoun yo

Se Depatman Sante Eta NY la ki te prepare avan pwojè Pwogram Jesyon Vaksinyasyon COVID-19 Eta New York la e li soumèt pou chanjman an fonksyon detay alavni y'ap tann nan men gouvènman federal la. Plan bouyon an souliyen:

- Prensip fondamantal pou respekte pandan tout pwosesis vaksinyasyon an
- Ipotèz, ensètitud ak varyab kle ki ka afekte planifikasyon vaksinyasyon an
- Mezi pou asire sekirite ak efikasite vaksinyasyon an, ni anvan ak apre yo bay li
- Ekspètiz pou oryante distribisyon ak aplikasyon vaksinyasyon an
- Yon matris priyorite vaksinyasyon an ki baze sou oryantasyon klinik
- Yon pwosesis pou distribisyon ak livrezon efikas vaksen yo
- Mezi pou fòme, anrejistre, epi sipòte pwofesyonèl yo pou bay vaksen an.
- Yon enfrastruktir done ak enfrastruktir enfòmasyon pou kowòdone epi kontwole tout aspè pwogram vaksinyasyon an
- Yon kanpay edikasyon piblik ak sansibilizasyon kominotè pou konstui konfyans epi enfòme piblik la
- Yon Sant Kòmand Santral Vaksinyasyon pou jere tout pwogram vaksinyasyon an
- Yon bidjè ak pwosesis acha pou jwenn atik ak ekipman ki nesèsè yo

Avan pwojè Pwogram Jesyon Vaksinyasyon COVID-19 Eta New York la reponn ak reyalyte ke toujou gen yon miryad ensètitud konsènan pwosesis ak plan devlopman vaksen gouvènman federal la, ki enkli kalandriye, alokasyon, kantite, priyorite, distribisyon, operasyon ak kontwòl apre operasyon. Jiska jodi a, gouvènman federal la pa delimitè wòl ak responsablite yo klèman ant gouvènman federal ak eta a, pou presize kijan vaksen an ap finanse oswa ranbouse, epi bay lòt detay kle k'ap nesèsè anvan New York ka finalize plan pou yon pwogram vaksen.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)